

Yon Rezime sou Rekòmandasyon Admisyon yo

Dire ak Kandida Elijib yo

- Mete yon kanpe nan regleman aktyèl yo pou **en an**
 - Distri a t ap retounen nan regleman aktyèl yo aprè pwosesis chwa lekòl la k ap fèt pou ane skolè sa a
- **Tout rezidan Boston** ki nan klas 6yèm ane, 8yèm ane (esepte elèv ki nan lekòl konkou antre yo nan moman sa a), oswa 9yèm ane, e ki satisfè egzijans elijibilite yo, kèlkeswa tip lekòl la
 - Ki te resevwa yon mwayèn B nan ELA (gramè/literati angle) ak matematik pou peryòd notasyon otòn ak ivè ane skolè pase a (ant septanm 2019 ak janvyè 2020) ; **OSWA** ki te resevwa yon nòt «satisfè egzijans yo» , oswa yon nòt ki pi wo, nan egzamen MCAS ELA ak matematik 2019 la. **Elèv yo pa bezwen satisfè toude.**
 - Yon verifikasyon distri skolè (oswa yon otorite parèy) ki montre ke elèv la bay rannman ki sou nivo klas li selon nòm Pwogram Etid Massachusetts la.

Yon Rezime Pwosesis Envitasyon an

- **Distribye envitasyon yo** bay elèv yo selon kritè admisyon ki baze sou nòt ke yo te resevwa nan kanè nòt yo oparavan ak sou mekanis envitasyon sila a ki baze sou kòd postal yo.
 - 20 pousan nan plas yo nan chak lekòl konkou antre rezève pou elèv ki klase pi wo nan vil la selon mwayèn jeneral nòt yo (GPA yo).
 - Rès envitasyon yo ap distribye selon yon konbinezon GPA (mwayèn jeneral nòt) ak kòd postal kay elèv yo.

Pwosesis Envitasyon an - 20% nan Plas yo

- **20% nan plas yo nan chak lekòl konkou antre ap ranpli selon mwayèn jeneral nòt (GPA) sèlman**, sa ap met elèv ki bay pi bon rannman yo avan, nan tout vil la.
 - Lòd deziyasyon yo ap baze sou klasman mwayèn jeneral nòt yo (GPA yo), e n ap mete elèv ki genyen mwayèn jeneral nòt ki pi wo yo an premye.
 - Si de (2) elèv ou plis genyen menm klasman, na va itlize yon nimewo owaza pou n detèmine ki elèv n ap pran avan.
 - N ap sèlman konsidere elèv yo pou lekòl sila a ke yo te klase kòm premye chwa yo. Si yon elèv pa asire yon plas nan pwosesis sa a, l ap fè pati yon dezyèm pwosesis.
 - Elèv k ap pral nan dezyèm pati a ap genyen yon lòt opòtinite pou n mete yo nan lekòl yo prefere kòm premye chwa yo, e y ap genyen plis chans pou yo jwenn yon plas, etandone ke yo klase pi wo nan distri a.

Pwosesis Envitasyon an - 80% nan Plas yo

- **N ap lanse rès 80 pousan** envitasyon yo **selon yon konbinezon kòd postal ak mwayèn jeneral nòt (GPA).**
 - N ap bay chak kòd postal yon kantite plas ki disponib nan lekòl konkou antre yo, selon pwopòsyon elèv ki genyen laj pou y al lekòl ki abite nan kòd postal sa yo.
 - N ap distribye 10 pousan nan plas disponib yo nan chak kòd postal nan dis tou deziyasyon.
 - N ap mete elèv yo nan yon gwoupman kandida ki abite nan menm kòd postal ("zip code") e ki klase selon mwayèn jeneral nòt yo (GPA yo).
 - N ap mete kòd postal yo an òd selon *revni mwayèn fanmi ki pi ba yo (ki genyen timoun anba laj 18 an) rive jiska revni mwayèn fanmi ki wo yo (ki genyen timoun anba laj 18 an)* selon Sondaj sou Kominote Ameriken an ("American Community Survey"). N ap mete an premye plas elèv sila yo ki nan kòd postal ki genyen revni mwayèn fanmi ki pi ba yo (ki genyen timoun anba laj 18 an), apre yo n ap mete elèv ki nan kòd postal annapre yo.
 - Si premye chwa yon elèv pa disponib lòske tou pa l la rive pou l resevwa yon deziyasyon, n ap deziyen elèv la pou plas dezyèm oswa twazyèm chwa l la. Si de (2) elèv ou plis genyen menm klasman nan yon kòd postal, na va itilize yon nimewo owaza pou n detèmine ki elèv n ap pran avan.

NOTE KE : Premye rekòmandasyon yo te itilize revni mwayèn fwaye yo. Distri a ap rekòmande yon chanjman pou l itilize revni mwayèn fanmi ki genyen timoun anba laj 18 an.

Modifikasyon pou Revni Mwayèn

- Rekòmandasyon an reflete yon chanjman sot nan revni mwayèn fwaye a revni mwayèn fanmi (ki genyen timoun anba laj 18 an ladan yo).
 - Revni mwayèn fwaye a reflete tout fwaye ki nan yon kòd postal.
 - Sondaj sou Kominote Ameriken an defini yon fanmi kòm de (2) moun, oswa plis, ki gen yon lyen akoz yo gen menm san, akoz maryaj, oswa adopsyon. Revni mwayèn fanmi ki genyen timoun anba laj 18 an sèlman enkli fanmi nan yon kòd postal ki genyen timoun ki gen laj pou y al lekòl.

Pwovizyon Espesyal :

Elèv ki san lojman, ak sila yo ki anba swen DCF (Depatman Timoun ak Fanmi)

- **Elèv ki san lojman oswa ki anba swen DCF andeyò Boston**, n ap mete yo nan yon “kòd postal” apa, 99999.
 - N ap trete kòd postal sa a kòm kòd postal ki genyen revni mwayèn fanmi ki pi ba (ki genyen timoun anba laj 18 an), epi n ap mete elèv ki fè pati kòd postal sa a an premye plas.
 - Lòd deziyasyon elèv yo ap baze sou klasman mwayèn jeneral nòt yo (GPA yo), e n ap mete elèv ki genyen mwayèn jeneral nòt pi wo yo an premye plas.
 - Si de (2) elèv ou plis genyen menm klasman, na va itilize yon nimewo owaza pou n detèmine ki elèv n ap pran avan.
 - N ap verifye elèv ki pa elèv Lekòl Piblik Boston yo atravè pwosesis verifikasyon lojman ke Lekòl Piblik Boston itilize nòmalman pou lekòl konkou antre yo.

Vòt Pwopoze a - Kèk Rekòmandasyon Anplis

- Founi sipò apwopriye – avan ak pandan ane skolè a - bay elèv nou admèt nan lekòl yo pou ane skolè 2021-2022 a, ki ka bezwen plis tan pou yo abitye tèt yo avèk vitès etid lekòl konkou antre yo, malgre ke yo deja prepare akademikman.
- Agrandi pwogram Inisyativ Lekòl Konkou Antre a (ESI), kòmanse byen bonè nan klas 4yèm ane jiska oktòb nan klas 6yèm ane, pou konsantre sou akselerasyon skolè nan gramè/literati angle (ELA) ak matematik.
- Jwenn plis finansman apwopriye nesesè pou èd pou elèv yo ak pou pwogram ESI la (Inisyativ Lekol Konkou Antre a), jan sa dekri anwo a.
- Kontinye reyini yon gwoup travay pou bay konsèy sou kèk efò pèmanan pou elaji gwoup kandida yo, konsidere itilizasyon nouvo egzamen NWEA la ak kèk lòt eleman, sou baz sa ke nou kapab aprann nan aplikasyon rekòmandasyon yo a admisyon yo pou ane sa a, ansanm ak sa gwoup travay la aprann jiskisi nan egzaminasyon kèk pratik k ap fèt nan kèk lòt distri.
- Ajiste regleman aktyèl yo pou retire pwovizyon “[admisyon non tradisyonèl](#)” la (ki te apwouve 16 desanm, 1992) ak pwovizyon “[aseptasyon ranvwaye](#)” a (ki te apwouve 16 septanm, 1992).